ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
БУЙРЫҒЫ

**«Спорттың гандбол түри бойынша Ташкент ўәляты Алмалық қаласында өткерилетуғын Өзбекстан чемпионатына қатнасып қайтатуғын спортшыларға хызмет сапары қәрежетлери менен тәмийинлеў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы ПҚ-3031-санлы қарары ҳәм 2019-жыл 19-март күнги "Жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдeният, санаат, спорт, информация технологиялары, китап оқыўға қызығыўын асырыў бойынша әҳмийетли 5 басламасын әмелге асырыў ҳаққында"ғы баянламасында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын дене тәрбия ҳәм спорт пенен турақлы шуғыллландырыў, спортқа болған қызығыўшылықларын асырыў ҳәм Өзбекстан гандбол федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл 10-февраль күнги 8-санлы хатын басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан гандбол федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл 10-февраль күнги 8-санлы хаты инабатқа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

2021-жыл 12-18-февраль күнлери аралығында Ташкент ўәляты Алмалық қаласында спорттың гандбол түри бойынша 2004-2005-жыллары туўылған жас өспиримлер арасында өткерилетуғын Өзбекстан чемпионаты спорт жарысына Қарақалпақстан Республикасы атынан қатнасып қайтатуғын 14 спортшы, 1 тренер жәми 15 адамның жарысқа барып қайтқандағы жол ҳақы қәрежетлери, аўқатланыўы, жолдағы аўқатланыўы ҳәм жатақ жайы ушын жумсалатуғын қәрежетлери менен тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары:** Өзбекстан гандбол федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл 10-февраль күнги 8-санлы хаты.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл « 11 » февраль
№ 40